

# “Deklarasyon Dwa Manman K ap bay tibebe tete”



Chwazi fason ou pral nourri nouvo ti bebe ou lan se youn nan desizyon enpòtan ou pral pran nan preparasyon pou tibebe w k ap vini an. Doktè yo dakò, pou pifò fanm, alètman matènèl se chwa ki gen mwens danje e ki pi bon pou sante. Se dwa w pou w enfòm sou benefis ki gen nan alètman matènèl ak pou founisè swen sante w ansanm ak sant swen sante matènèl la ankouraje ak sipòte alètman matènèl. Ou gen dwa pou fè pwòp chwa w osijè alètman matènèl. Kit ou chwazi bay tete oswa ou pa chwazi bay tete, ou gen dwa fondamantal sa yo san gade sou ras ou, kwayans, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite oswa espresyon seksyèl, osinon sous peman pou swen sante ou. Sant swen sante matènèl yo gen responsablite asire ou konprann dwa sa yo. Yo dwe bay enfòmasyon sa aklè pou ou, epi yo dwe bay yon entèprèt si sa nesèsè. Dwa sa yo kapab limite sèlman nan ka kote sante w oswa sante tibebe w la mande sa. Si nenpòt nan bagay annapre yo pa nesèsè pou ou oswa pou tibebe w la sou plan medikal, yo dwe enfòm w nèt sou bagay yo epi mande pwendvi ou.

## (1) Anvan Ou Akouche:

Si w ale nan klas edikasyon prenatal pou akouchman sant swen sante matènèl la ofri, ak tout klinik lopital, sant dyagnostik ak tretman ki bay sèvis anvan akouchman konfòmman ak atik 28 lwa sante piblik, ou dwe resevwa Deklarasyon dwa manman k ap bay tibebe tete a. Tout sant swen sante matènèl dwe bay feyè enfòmasyon sou matènite, ki enkli Deklarasyon Dwa Maman K ap bay tibebe tete, annakò ak seksyon de-mil-uit-san-twa-i nan chapit sa a pou tout pasyan oswa reprezantan pèsonèl ki nonmen nan moman avan rezèvasyon oswa nan moman admisyon nan yon sant swen sante matènèl. Tout founisè swen sante matènèl dwe bay tout pasyan yon kopi Deklarasyon Dwa Maman K ap bay tibebe tete a nan moman ki apwopriye sou plan medikal oswa anvan.

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon konplè sou benefis nan alètman matènèl ki genyen pou oumenm ak pou tibebe w la. Sa pral ede w fè yon chwa enfòm sou fason pou bay tibebe w la manje.

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki pa gen ankenn enterè komèsyal e ki gen ladan:

- Fason alètman matènèl benefisyè oumenm ak ti bebe w lan sou plan nitrisyonèl, medikal ak emosyonèl;
- Fason pou prepare w pou bay tete;
- Fason pou konprann kèk nan pwoblèm ou ka rankontre ak kijan pou yo rezoud yo.

## (2) Nan Sant Swen Sante Matènèl La:

- Ou gen dwa pou tibebe w la rete avèk ou tousuit apre akouchman, kèlkeswa ou te akouche pa vajen oswa pa sezaryèn. Ou gen dwa pou kòmanse bay tibebe w tete nan inèdtan apre akouchman.
- Ou gen dwa pou fè yon moun resevwa fòmasyon pou ede w ak alètman matènèl, ba w enfòmasyon, epi ede w lè w bezwen sa.





- Ou gen dwa pou fè ti bebe w la pa pran ankenn bibwon oswa sison.
- Ou gen dwa pou tibebe w nan chanm ou avèk ou 24 è sou 24.
- Ou gen dwa pou bay tibebe w tete a nenpòt lè lajounen tankou lannuit.
- Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou nenpòt medikaman ki ka fè lèt ou seche epi refize pran yo.
- Ou gen dwa pou konnen si doktè w oswa pedyat tibebe w la ap dekonseye w bay tibebe w tete anvan yo pran nenpòt desizyon sou fason pou bay tibebe a manje.
- Ou gen dwa pou mete yon afich sou bèso tibebe w ki di aklè tibebe w la ap pran lèt manman e pou yo pa ba li kèlkanswa kalite bibwon.
- Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon okonplè sou fason w ap fè alètman matènèl la ak pou w jwenn èd sou jan pou w amelyore.
- Ou gen dwa pou bay tibebe w la tete nan inite swen entansif neyonatal la. Si li pa posib pou w bay tete, yo pral fè tout efò pou fè tibebe w la pran lèt ou te ponpe oswa ou te peze sòti nan tete w.

- Si oumenm oubyen tibebe w la vin entène ankò nan yon sant swen matènèl apre premye entène lopital pou akouchman an, lopital la pral fè tout efò pou kontinye sipòte alètman matènèl, pou bay ponp elektrik yo fè pou lopital ak chanm pou loje.
- Ou gen dwa pou jwenn èd nan men yon moun ki gen fòmasyon espesyal nan asistans pou alètman matènèl ak nan peze lèt tete sòti si tebebe w la gen bezwen espesyal.
- Ou gen dwa pou fè yon manm nan fanmi w oswa yon zanmi jwenn enfòmasyon sou alètman matènèl nan men yon manm nan pèsònèl la si w mande sa.

### (3) Lè W Kite Sant Swen Sante Matènèl La:

- Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon alekri sou alètman matènèl ki pa gen okenn piblisite ladan.
- Ou gen dwa, sòf si w mande sa espesyalman, epi li disponib nan sant lan, pou yo egzeye w nan sant lan san pake pou egzeye ki gen lèt pou tibebe nan yo, oswa kupon pou lèt tibebe amwenske founisè swen sante tibebe w la te mande sa.
- Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou resous pou alètman matènèl ki gen nan kominote w, ikonpri enfòmasyon pou konnen si gen ekspè nan alètman matènèl, gwoup sipò ak ponp pou lèt manman.
- Ou gen dwa pou sant lan ba w enfòmasyon pou ede w chwazi yon founisè medikal pou tibebe w la ak konprann enpòtans yon randevou pou suivi.
- Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon sou jan pou kolekte e konsève lèt tete ou san danje.
- Ou gen dwa pou bay tibebe w tete tout kote, piblik oswa prive, kote ou gen otorizasyon pou w ye. Ou ka pote plent nan Divizyon Dwa Moun nan Eta Nouyòk (New York State Division of Human Rights).

Tout sa ki anwo la a, se dwa ou genyen yo. Si sant swen sante matènèl la pa respekte dwa sa yo, pou chèche èd, ou ka kontakte Depatman Sante Eta Nouyòk la oswa kontakte liy dirèk pou pote plent pou lopital nan **1-800-804-5447** oswa pa imèl nan [hospinfo@health.state.ny.us](mailto:hospinfo@health.state.ny.us).